# kiy biral Alxuraan moo ngi mel ni kiy biral ab sarax, kiy yalu Alxuraan it moo ngi mel ni kiy nëbb ab sarax

Jële na ñu ci Huqbata Ibn Haamir Al-Juhanii -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne : Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «kiy biral Alxuraan moo ngi mel ni kiy biral ab sarax, kiy yalu Alxuraan it moo ngi mel ni kiy nëbb ab sarax».
[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak An-nasaa'iy]

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa leeral ne kiy fésal jàngum Alxuraan moo ngi mel ni kiy fésal ab sarax bu muy joxe, kiy nëbbutu buy jàng Alxuraan moo ngi mel ni kiy nëbb ab saraxam.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65055